

**ANALISA KASALAHAN NGAREGEPKEUN TEKS BIOGRAFI
PIKEUN SISWA KELAS X SMA NEGERI 18 BANDUNG
TAUN PANGAJARAN 2017/2018**

Ku

RATNA PUTRI MARLINA

NIM 145030124

RINGKESAN

Kasangtukang panalungtikan ieu nyaeta ayana masalah kamampuh ngaregepkeun siswa dina ngaregepkeun teks biografi. Maksud panalungtikan ieu nyaeta: (1) ngagambarkeun kamampuh siswa dina ngaregepkeun teks biografi (2) ngajelaskeun klasifikasi ayana kasalahan dina ngaregepkeun teks biografi (3) ngagambarkeun solusi jang ngaleutikan kasalahan siswa dina masalah ngaregepkeun. Jejer panalungtikan ieu teh siswa kelas X SMA Negeri 18 Bandung. Metode panalungtikan anu dipake nyaeta deskriptif kualitatif. Teknik analisis data anu dipake nyaeta kalawan wawancara sarta angket. Anapon hasil analisa jeung pembahasan nyaeta (1) masih keneh seer siswa nu teu acan tiasa ngaregepkeun kalawan alus, siswa nganggapna yen ngadengu jeung ngaregepkeun teh sarua wae. (2) cara ngumpulan kasalahan ngaregepkeun teks biografi nu paling loba jang tingkat kangartian 50,07%, kadua, jang tingkat ngaplikasikeun 44,7%. Katilu, jang tingkat analisa 40,5%. Nu pangleutikna tina tingkat ingetan 7,8%. Tilu ti opat tingkat menyimak luhur keneh, hartina kamampuh ngaregepkeun dina siswa masih keneh leutik. (3) solusi jang ngaminimalkeun kasalahan ngaregepkeun teks biografi nyaeta guru kudu terus ngalatih siswa jang ngaregepkeun lain jang ngadangukeun wae, perkara ieu dibuktikeun dina hasil wawancara bareng jeung guru Bahasa Indonesia kelas X IPA 3, sarta ngalatih yen fokus jeung henteu api-api mere perhatosan, masih keneh aya siswa nu api-api ngaregepkeun melong nu ngomong, tapi sabenerna perhatosan nu benerna lain ditujukeun ka lawan nu ngomong. Bongbolonganna siswa kedah biasa kosentrasi dina ngaregepkeun.

Kecap konci: ngaregepkeun, teks biografi, kasalahan ngaregepkeun.